

Gid pou moun k ap vote

3 novembre 2013

Élection Montréal

jevotepourmaville.ca

Prézidan eleksyon nan lavil Montréal vle fè ou konn dwa ou

Èske ou kapab vote?

Pou ou kapab vote, **fok non ou enskri sou lis elektoral la**, lèfini fok, jou eleksyon an, ou reponn a kondisyon sa yo :
1. Ou gen 18 an oubyen plis; 2. Ou se sitwayen kanadyen; 3. Ou ap viv nan Kebèk depi 6 mwa.

Èske non ou enskri sou lis elektoral la?

Pou ou konnen sa, ou kapab jis verifye papye anons enskripsyon ou resevwa lakay ou a.

Kouman ou ka fè enskri non ou sou lis elektoral la?

Fòk ou prezante ou nan biwo revizyon an pou mande enskri non ou, osnon korije non ou nan lis elektoral la. Yon fanmi ou, mari ou, madanm ou osnon yon moun ki abite lakay ou kapab fè sa nan plas ou. Fòk ou prezante 2 pyès idantite lè ou ap fè demann nan, sinon y ap refize fè l.

1e pyès idantite :

Premye pyès sa a dwe gen non ou ak dat fèt ou. **Egzanp** : Sètifika nesans, kat asirans maladi, paspò kanadyen

2e pyès idantite :

Dezyèm pyès la dwe gen non ou ak adrès ou. **Egzanp** : Pèmi kondui, bòdwo telefòn osnon elektrisite.

Ki kote biwo revizyon an ye?

Ou ap jwenn ni adrès biwo revizyon an, ni ki jou yo, a ki lè li ouvri, nan papye anons ou resevwa lakay ou a.

Ki kote ak ki lè pou ou al vote?

Kèk jou anvan eleksyon an, ou pral resevwa yon kat pou fè ou sonje ki kote e ki dat ou dwe vote a. Jou eleksyon an, ale nan adrès yo voye ba ou a ant 10è (dizè) dimaten e 8è (witè) nan aswè. Ou kapab vote anvan jou eleksyon ofisyèl la tou. Ou ap jwenn adrès, jou, lè biwo kote ou ka voté anvan jou eleksyon ofisyèl la nan papye anons enskripsyon ou resevwa lakay ou a. Tout biwo kote ou ka voté anvan jou eleksyon ofisyèl lan ka resevwa moun ki pa kapad deplase pou rezon sante.

Nouvo: Kat jou anplis pou moun vote

Èske ou pa kab vote jou eleksyon an oubyen nan youn nan jou moun gen dwa vote depi davans yo? Yo ba w kat jou anplis pou w sèvi ak dwa ou genyen pou w vote a nan biwo eleksyon nan arondisman ou yé a. Tout biwo éleksyon nan arondisman yo ap ka resevwa moun ki pa kapad deplase pou rezon sante.

Si w bezwen konnen ki jou ak ki lè biwo vòt pa w la ap ouvè, ale sou sit nou an oubyen kontakte biwo prezidan eleksyon an.

Kouman pou ou vote?

- 1^e etap :** responsab biwo vòt la ap verifye enskripsyon ou sou lis elektoral la.
- 2^e etap :** ou ap prezante yon pyès pou ou idantifye ou.
- 3^e etap :** y ap renmèt ou yon bilten vòt.
- 4^e etap :** ou apral dèyè kachèt la, kote ou ap ka vote an sekre, san moun pa wè.
- 5^e etap :** lè ou fin chwazi kandida ou, ou rebran direksyon tab la.
- 6^e etap :** ou ap depoze bilten vòt yo nan bwat bilten an pou kò ou.

Èske ou gen pwoblèm pou ou soti al vote?

Si ou pa kapab deplase pou rezon sante, ou kapab vote lakay ou. Pou sa, fòk ou ekri nan biwo prezidan eleksyon an. Si ou ta vle jwi dwa ou pou ou vote lakay ou, fòk ou pran kontak ak biwo prezidan eleksyon an. pou ou kapab jwenn enfòmasyon sou fason sa ka fèt.

Ou gen kesyon ou ta vle poze?

- Ale sou sit entènèt nou an : **Jevotepourmaville.ca**
- Rele nou nan nimewo gratis sa a : 514-872 VOTE (8683)
- Ekri nou nan adrès : **Election@ville.montreal.qc.ca**

Enpòtan! Pou ou vote, ou fèt pou ou prezante yonn nan dokiman nou pral site la a pou ou ka bay prèv idantite ou :

1. Kat asirans maladi ou;
2. Pèmi kondui ou;
3. Paspò kanadyen ou;
4. Sètifika ou kòm Amerendyen;
5. Kat idantite ou nan Lame kanadyen (Forces canadiennes).